

Kisa rechèch jenetik ye ?

Jèn yo fè pati chak selil ki nan kò chak moun. Jèn yo mache an pè epi se DNA ki konpoze yo. Jèn yo pote enstriksyon ki di kò a kijan pou l'grandi ak devlope. Nou pataje kèk jèn ak manb fanmi nou.

Chèchè jenetik yo itilize souvan echantyon san oswa saliv pou yo egzamine DNA. Chèchè jenetik yo enterese konnen kijan jèn yo afekte fason kò nou fonksyone.

Chèchè yo eseye konprann :

- Si jèn nou yo lakoz nou gen plis oswa mwens chans pou nou fè yon maladi oswa yon kondisyon kèlkonk
- Kijan pou yo prevni oswa trete yon maladi oswa yon kondisyon
- Kijan jèn yo afekte fason kò a reponn a medikaman oswa tretman

Kilès ki patisipe nan rechèch jenetik ?

- Granmoun ak timoun
- Moun ki gen yon maladi oswa yon kondisyon
- Manb fanmi
- Volontè ki an sante

Bwochi sa a gen enfòmasyon jeneral pou yo sèvi nan domèn edikasyon epi yo pa fè l pou bay konsèy medikal. Pale ak doktè w oswa ekip rechèch ou a anvan w pran desizyon konsènan nenpòt enfòmasyon ki ladan l si w bezwen konsèy ki espesifik pou sityasyon w nan.

Kesyon pou w poze

1. Ki objektif etid la ?
2. Kijan w ap kolekte echantyon jenetik mwen an ?
3. Èske mwen menm oswa yon lòt moun ap resevwa rezulta etid sa a ?
4. Sa k ap rive si tès yo revele yon pwoblèm medikal ?
5. Èske rezulta tès yo ap vin fè pati dosye medikal mwen ?
6. Èske tès jenetik yo ap gen yon enpak sou fanmi m ?
7. Èske rezulta yo ap gen yon enpak sou kouvèti asirans sante m alavni ?
8. Èske y ap itilize echantyon m yo oswa enfòmasyon jenetik mwen yo pou pwochen rechèch ? Si y ap fè sa, èske m ap bezwen bay konsantman m ?
9. Èske y ap pataje echantyon m yo oswa enfòmasyon jenetik mwen yo ak nenpòt lòt chèchè ?
10. Si m chwazi pou m pa patisipe nan pwochen etid yo, èske m ka patisipe nan etid y ap fè kounye a ?



THE HARVARD CLINICAL
AND TRANSLATIONAL
SCIENCE CENTER



University of
Massachusetts
Medical School

BOSTON
UNIVERSITY

Tufts

CTSI

Tufts Clinical and
Translational
Science Institute

Ou gen plis kesyon ?


Rele :

Genetics – Haitian Creole

version (v1.0)



Rechèch
jenetik



Se ou k ap chwazi si w vle patisipe nan rechèch la. Mande enfòmasyon. Poze kesyon. Jwenn repons.

Kisa sa vle di lè yon moun patisipe nan rechèch jenetik ?

Si y ap fè tès jenetik pou ou nan sa ki fè pati swen medikal regilye w, jeneralman doktè w ap eseye egzamine sante w oswa dyagnostike yon pwoblèm. Nan ka sa a, oumenm ak doktè w la ta diskite rezulta tès ou yo ansanm.

Nan rechèch, yo itilize tès jenetik pou ede yo reponn yon kesyon syantifik. Se pa pou yo ba ou swen medikal oswa pou yo detekte pwoblèm sante.

Lè w patisipe nan rechèch jenetik, ekip rechèch la kapap pa pataje rezulta tès ou yo avèk ou. Tou depan de rechèch la, rezulta yo pou rechèch jenetik la ka bay oswa ka pa bay enfòmasyon sou sante w an jeneral.

Ki dwa ak pwoteksyon m genyen ?

Gen pwoteksyon ki la pou ede asire sekirite volontè rechèch yo (yo rele moun sa yo "sijè rechèch" tou) epi pou asire yo yo trete volontè yo ak respè.

Ekip rechèch la ap revize yon Fòm konsantman enfòme avè w. Y ap eksplike w objektif etid la, pwosedi yo, ak risk ak avantaj ki ka gen ladan l. Ka gen yon jenetisyen oswa yon konseye jenetik pou pale avè w konsènan avantaj ak enkonvenyan ki genyen nan etid la.

Mande èd si gen yon bagay ou pa konprann. Ou pa dwe janm santi y ap fè w mache prese oswa mete w sou presyon.

Ki risk ki genyen lè yon moun patisipe nan rechèch jenetik ?

Yo konsidere pwosesis koleksyon echantyon yo kòm yon bagay ki san danje epi yo pa vrèman fè mal. Men, se ou k ap deside patisipe nan yon etid rechèch paske sa se yon desizyon pèsonèl.

Lè w resevwa rezulta tès ou yo, sa ka bay oumenm oswa fanmi w estrès oswa li ka deranje nou. Pa egzanp, tès yo ka montre :

- Ou genyen, oswa w ka devlope, yon sèten maladi oswa yon kondisyon yo pa ka trete
- Enfòmasyon ou pa t atann ou sou jèn ki nan fanmi w
- Manb fanmi w yo ka gen risk pou yo gen yon maladi oswa yon kondisyon patikilye

Yon chèchè ka dekouvi yon bagay li pa t ap chache—yo rele sa yon dekouvèt pa aksidan. Mande ekip rechèch la ki kalite dekouvèt y ap pataje avè w ak kijan sa ka gen yon enpak sou ou.

Gen risk pou yo pataje enfòmasyon prive w a lòt moun pa aksidan. Lalwa sou enfòmasyon jenetik san diskriminasyon [Genetic Information Nondiscrimination Act (GINA)] pwoteje w kont tretman ki pa jis nan men konpayi asirans ou yo oswa mèt travay ou yo akoz diferans ki genyen nan DNA w ki ka afekte sante w. Men, lalwa pa kouvri tout kalite asirans.

Y ap dekri risk espesifik yo nan Fòm konsantman enfòme a. Asire w ou konprann risk yo anvan w asepte pou w patisipe nan yon etid.